

Ngislamkeun Siluman

Ku Agus Suherman

Aya dua perkara nu kiwari dipigandrung deui ku balaréa, pangpangna dua taun katompérnakeun. Saperkara, kagiatan kaagaman nu sipatna missal. Kaduana, lalakon arahéng nuy nyaritakeun alam gaib atawa dunya *supranatural*.

Perkara nu kahiji bisa kasakséni boh sacara langsung dina hirup kumbuh masarakat, boh sakumaha nu dipidangkeun dina radio katut televisé. Di ditu di dieu, méh di saban kota remen diayakeun pangajian, dikir, du'a, atawa naon waé ngaranna, nu bisa langsung ditongton ku urang dina layer kaca. Nu miluna réwuan, awéwé, lalaki, kolot budak, rumaja déwasa, pangpangna kaom *urban*.

Nu jadi latan pangna kaom *urban* meumeut kana kagiatan sarupa kitu, bisa jadi sabada maranéhna bubuara di kota tur kahirupanana lumayan, terus mikatineung kagiatan kaagaman, padahal nalika keur di lemburna mah kurang ttitén kana rupaning tetekon jeung papagon. Ku kituna, kagiatan pangajian sarupa kitu téh sigana bisa disebut pangajian pop, Mustami'na sarua jeung aprésiator novel pop (*chicklit*, *teenlit*, *momlit*), nu can pati kuat pikeun neuleuman “novel sangar” atawa karya daria.

Pangresep nu kadua, nyaéta kana lalakkon anu nyaritakeun alam gaib atawa dunya *supranatural*, éta ge sarua, bisa kapapay dina pirang-pirang kalawarta atawa media séjénna. Di radio *Ardan* upamana, geus maneuh saban malem jumaah aya acara “*Nightmare*”, di TV7 “*Ékspédisi Alam Gaib*”, di TPI “*Gentayangan*”, di Lativi “*Pemburu Hantu*”, jeung di TransTV “*Dunia Lain*”.

Lebah acara “*Pemburu Hantu*” di Lativi, bet inget kana carpon “Mindahkeun Jurig”-na Ki Umbara. Karangwereng nu katelah tempat sanget, digeugeuh ku Dalem Getihkimpel kalawan patihna Seuseup Uteuk. Éta kadaleman téh ku kuwu Géhgérsinar rék dijadikeun sawah, da pangijirna hasilna pimucekileun. Tangtu baé saméméh dibukbak, kudu dipindahkeun heula nu ngageugeuhna. Mimitina mercayakeun ka Ki Saca, tapi boboléh teu kuat nagyonan siluman. Nya ahirna dipasrahkeun ka Kiai Cipancuh.

Dina éta carpon, carana Kiai Cipancuh pikeun nalukkeun Demang Karangwereng katut patihna téh basajan pisan” jnyepén di kobong bari mapatkeun ageman, tanpa ragot galungan, tapi balukarna nimbulkeun hawa panas jeung kahuruan di nagara siluman. Atuh Demang jeung Patih Karangwereng téh taluk tur nurut dipindahkeun ka Lamépayung.

Béda jeung éta carpon, dina “*Pemburu Hantu*” *Lativi* mah katitén ragotna nu mindahkeun lelembut téh, malah sok aya nu kasorang sagala, katambah deuihsok nyurup ka nu nyaksian éta kajadian.

Kagiatan kaagamaan atwa da'wah katut dunya lelembat-lelembut, sacara *lterér*, duanana geus nyamapk dina diri Ki Umbara ti taun 1963-an kénéh, nyaéta nalika anjeunna medalkeun carpon “Kasilib”. ti harita karya-karyana nu nyaritakeun perkara mahluk gaib kebat meredel, kitu deui karyana nu biasa gé teu weleh murudul.

Bisa jadi, pola carita anu ngandung ajén religi katut lalakon alam gaib téh neruskeun karya-karya buhun téh bisa dijieun ilham enggoning ngagelarkeun karya anyar, kalawan dipasieup tur diropéa, boh wangunan, wandana, konsép éstéetikana, boh unsure carita nu séjénna.

Kabiasaan nyieun carita sarupa kitu téh geus lumaku ti béh ditu, malah bisa jadi nalika jaman wawacan mah, *genre* sastra the ukur alat, pédah padamikaresep, sedengkeun tujuanana *anonymous* alias teu kanyahoan saha nu ngarangna. Da meureun nalika nyieun éta karya, nu

ngarangna teu ngarasa keur nyastra, komo bari haying disebut sastra mah, éstuning haying nepikeun pépéling sangkan manusa aréling.

Atuh pon kitu deui Ki Umbara, najan kasadaran kasastraanana geus weweg diagem, tapi karrep nepikeun ajén-inajén agama kayaning ngajauhkeun diri tina tahayul, kudu leket kana solat, katut niginkeun rasa percaya diri yén manusa téh mahluk anu mulya, tetep ngagalura dina karyana.

Lebah dieu, atra ngahijina unsure *rékréatif* jeung *didaktif* dina karya Ki Umbara. Kapan ceuk Horatius gé karya sastra téh kudu ni'mat jeung mangpa'at. Unsure *rékréatif* atawa ni'matna, katedunan ku wangun carita anu ngajenggléng dina struktur kaéndahan luar, kayaning purwakanti, ulin kecap, ulin galur, latar, jrrd.

Purwakanti atawa ulin kecap katitén diantarana dina ungkara: */Cilacingkrung bga karang dina irung/tanda watekna bale bandung/Sébakangkang boga karang dina tarang/tanda watekna bisa perangi/*. Ari ulin galur, nyaéta selang-sekarna ngagunakeun galur carita antara torojogan, sorot balik, jeung mérélé, umpamana nalika Ki Maléndra ngalakonkeun dui pangalamana di nagara siluman (“Kasilib”). Sedengkeun latar, di anatarana tempat lumangsungna carita nu ngawengku alam manusa jeung alam siluman.

Unsure *didaktif* atawa manbgpa'atna, leuwih nyindekel kana aspék moral jeung ajén-inajén anu ditepikeun ku pangarang, nu ngajenggléng dina struktur kaéndahan jero, biasana ngawengku amanita tawaa jejer carita. Amanat nu ditepikeun ku Ki Umbara dina karyana kacida nembrakna, nyaéta pesen moral anu ngaleunjeur dina papagon agama: yén manusa the leuwih mulya batan mahluk séjénna (“Kasilib”, “Diwadalkeun ka Siluman”, “Mindahkeun Jurig”, “Nu Ilang Tanpa Karana”), ulah migusti lian ti ka Gusti (“Kiai Bantaluwung”), tobat (“Teu Tulus Paéh Nundutan”, “Tukang Teluh Jadi Merebot”, “Nyupang”), jeung nu lianna.

Pikeun Ki Umbara, sagala hal anu dipilampah téh jigana kudu miboga ajén ibadah, kaasup dina nyipta sastra. Ku kituna, karya-karyana euyeub pisan ku amanat nu dutepikeun ka nu maca, pangpangna perkara gagaman hirup, nyaéta ajén kaimanan jeung kaislaman. Bakat ku tarik-tarikna haying silih élingan, nepi ka disimbulkeun yén siluman waé nu saur anjeunna sabageur-bageurna siluman masih leuwih bageur manusa nu pangbadeurna tapi ari geus meunang hidayah mah maranehna téh bisa tobat tur toat. Ku kituna, piraju atuh ari manusa num ajar mulya, rék ngabantangul salaput umur.

Lalakon siluman nu babalik piker tur asup Islam di antarana aya dina carpon “Diwadalkeun ka Siluman” (NITK).

DKS nyaritakeun Mang Merebot nu kungsi diwadalkeun ka siluman Warudoyong ku Babah Lintuh. Aya kana tilu bulan sapuluh poéna manéhna ditahan di nagara siluman the, nepi ka dina hiji waktu Demang Warudoyong, Bincuranghérang, maot ninggalkeun akam siluman. Demi gagantina nyaéta Nyi mas Damarcaang. Salila ditahan, pagawéan Mang Merebot ngan tirakat jeung ngaraketkeun diri ka hadirat ilahi, nepi ka kaparengkeun kobong tahananana rubuh. Nya ku Damarcaang Mang Merebot dipariksa tug ahirna guneman. Nalika Mang Merebot dititah sujud, manéhna nolak, sabab cenah sujud mah ngan ka Allah Ta'ala. Ti dinya Damarcaang terus tetelepék, “Saha ari Allah Ta'ala téh?” jeung saterusna, nu ahirna jadi yakin sarta terus arasup islam sakademangan Warudoyong.

Carpon NITK nyaritakeun nagara Putergiling nu rajan Bitungwulung. Hiji waktu éta raja téh kungsi maling orok (Linggeksari) ti nagara manusa, nyaéta anakna Mang Imong. Sabada gedé tur jeneng jadi raja anom, Linggeksari terus mapay-mapay kolotna, da teu bisa jadi cenah anak siluman mangrupa manusa, nepi ka ahirna amprok jeung Mang Imong di karaton putergiling. Nalika tepung, éta anak jeung bapa the terus gunemna perkara Islam, tur nalika

medar saha ari Allah Ta'ala, karaton Putergiling ngadak-ngadak runtuh, tapi buru-buru Haribmutahib adan, teu sakara-kara éta karaton téh ngadeg deui sabihari. Ti harita sanagara Puteragiling ngaragem agama islam.

Macaan carita-carita sarupa kitu téh teu wudu matak ngadatangkeun hiji kani'matan anu luar biasa, saperti ngaderes carita *petualangan* atawa *ékspédisi*, komo ieu bari ka dua alam, manusa jeung siluman.

Keur mah caritana *hiperimajinatif*, katambah dibarung ku kamampuh nyastra anu jumhur ti pangarangna, ditéma deuih ku amanat-amanat kaagamaan, atauh teu anéh mun karya-karya Ki Umbara bisa nimbulkeun rasa hélok, pelesir, jeung ngaji diri.

Kiwari, Ki Umbara geus ka alam lain ngumbara, tapi caritana terus nyaliara dina implengan balaréa, pon kitu deui amanat da'wahna, nganjrek dina batin nu maca, ngagerenteskeun misi pikeun ngamanusakeun manusa, béda jeung lalakon alam gaib dina televisi, nu méh nyilumankeun manusa.

*Dimuat dina Majalah *Cupumanik* No.